

DURAKA

Karyane

ANY ASMARA



DURAKA

karjane

Any Asmara

Marfiah :

Djl Kalibutih 131 Surabaja



ATURKU

Tjrita iki mung mudjudake karangan bae, dadi ora ana temenan. Mula jen ana asthma sing pada karo trjita iki, ja mung lagi kapinudjon pada, mangkono uga bab djenening kuta lan desa.

Ing pangadjab, senadjan tjrita iki mung fantasi bae, nanging para maos dak aturi manggalih inti - sarine kang bisa kanggo tepo palupi, adja nganti tindaj duraka mau kedadean sanjata ing alam bebrajatan kita masyarakat kabeh.

Muga-muga kenaha kagem djampi sebel sinambi kalaning nganggur, lan kapindone dadi suka renaning para masos kabeh.

Nuwun!

Pangripta

ANY ASMARA

Jogja, 1 - 9 - '66

1. KUMPUL DADI SIDJI

„Kowe kuwi kepreije genahe Tiik, saben jahngene mesti tangisan, senggrak senggruk, tjah wis gede kok ora idep isin...

Mbah putri tudang tuding, muni-muni grenang greneng mlebu neng kamare Martati, Martati sadjak kaget kagol terus mlaju metu undang-undang ibune.

„ Bu, bu, embah putri niki mbok ditjriosi ampun ngganggu kula, niki nek mas Ta sing sok gawe-gawe, kareben mbah putri marani kula. ndjur nesu muni-muni

Ibune rada mangkel semu djudeg, mbah putri dikandani supaya ora ngganggu Martati.

„ Sampejan niku mbok empun sok ngganggu botjah lagi latihan, Martati niku rak lagi latihan seni drama sedela malih adjeng dipentaske

Mbah putri babar pisan ora mmudeng;

„ Latihan- latihan apa, genah bola bali nangis, djerat djerit, senggrak senggruk, kok dinengke wae, kowe kuwi sing duwe anak kok ja enak wae, mentas-mentas prije.”

„Empun ta, ngga tumut kula, kula tjaosi djeng nangsum etja”

Mbah putri kang umur-umurane wis antarane pitung-puluh taunan. ning isih aws lan rungon digandeng ibune Martati. diaturi mlebu neng pringgitan mburi.

Karo mlaku hrujah grujuh mbah putri isih grenanggreneng

Marjata kuwi botjah genah, ngerti jen adine dikandani ora manut ndjur dituturke aku, ning kowe wongtuwane kok malah ora nalar"

Ibu Siwamardawa ja ibune Marjata lan Martati katon banget enggone ndjontong karo anak-anake sekloron kang pidjer golek-golek gawe-gawe gonta ganti persasatsaben ndina ora ana entek-enteke.

Sakwise mbah putri diaturi mlebu pringgitan mburi. Bu Siswa terus marani Martati.

„Wis dikantjing wae lawange, kareben ora di ganggu masmulan mbah putri"

Martati mbesengutsadjakagol atine;

„Mpun trima mboten latihan sik, kula adjeng madosimas Ta".

„ Hla mengko rak malah ndjur rame, padu udreg-udregan, jen bapakmu kundur mengko aku sing didukani, dikira ora bisa nuturi anak"

Marjata kang lagi njikuk nunggoni siaran radio, tjengingas tjengingis ngguju nggleges, rumangsa lega atine bisa nggoda adine wadon.

Martati marani semu nesu mbesengut, rada kaworan geli arep muring sadjak ora bisa enggone ngampah gujune.

„ Ja koe mas, mengko mas Ta jen tak wales adja nesu lo mas".

Marjata ngguju njahuri;

„ Aku arep mbok wales keprije, aku orang tau latihan seni drama, ndjur arep diwales prije".

„Tenan, ning adja nesu, mengko ndak kandake mbak Katriin tenan, sing ndjupuk photone mbak Katriin ndjur ditambahi kae sapar, lan sing nulisi

bukune njanjian mbak Katriin nganggo ditambahi kata-kata kae sapa”.

Marjata sadjak klitjutan, tjungar tjungir duwe rasa wedi lan rikuh.

„ Wis, wis saiki wis bubar ora diteruske le da etje-etjenan, aku wis trima ora bakal nganggu kowe meneh, wisa kana diteruske le latihan”.

Martati rumangsa menang, Marjata wis mertobat, nanging Martati ora mbatjutake enggone latihan. lungguh neng pendapa ngarep, ngolak alik madjalah, dene Marjata nerusake enggone ngrungokake siaran radio.

Ibu Sis wis rampung enggone tata-tata dahar lan tata lemari, mbah putri wis diatrui dahar ndisik, terus mlebu kamar ngaso mapan sare

Djam wolu teng wajah peteng, pad Siswamar-dawa durung kato bali, bu Sis nbandjur marani Marjata kang lagi ndekemi radio.

Ta, Ta iki wis djam wolu bapakmu kok durung kundur, apa kowe ora tanpa welingan lan ora ngerti enggone tindak bapakmu!”

„mboten bu, mestine bapak sek katah urusan pendaleman, kundure mesti kasep”.

„Kok kadingaren, nganti nglantur ora kundur-kundur lan ora ngendika apa-apa karo wong ngomah”

Ora antara suwe pas Siswamardawa wis katon glendeh-glendeh bali karo njankir map lan tasse.

Mak srok lungguh neng kursi dawa, utjul-utjul djas lan sepatu, sadjak lesu lan pajah banget awake.

Undjukan wis disediake, ning pak Sis ora tumuli ngundjuk, nganti rada sawetara mung leje-leje wae, sadjak sluntrut polatane.

Diaturi dahar uga mung meneng wae, suwe ora gelem ngendika apa apa, Marjata kang lagi njetel radio meruhi bapakne sadjak lagi ribet, radione nbandjur dipateni, Martati wis njingkir-njingkirke map tas lan sepatune bapakne, ganti penganggo sadjak durung karep kedjaba mung nganggo tjelana dawa lan kaos tjendak. sedela-sedela undjal ambegan.

Bu Sis sadjak ora sranta meruhi kahanane kakeun, kepingin enggal ngerteni apa kang lagi dadi penggalihe.

Ora watara suwe pak Sis lagi gelem guneman ;
: Bu wiwit dina iki wong ngomah kabeh kudu prihatin, djalaran aku wis ora njekel pegawejan maneh, perserikatan dagang kang ndak ilonni wis bubar mula Marjata lan Martati kudu ngerti lan prihtin”.

Bu Sis mung meneng wae, Marjata lan Martati pada pating delok ora kemetjap apa-apa.

Pak Sis terus ngadeg njat menjang mburi, mlebu kamar mandi terus ganti penganggo padinan.

Bu Sis sadjak ana kang lagi dipikir, dumadakan krungu Marjata aweh keterangan, menawa enggone njoba nglamar penggawejan wis ditampa, lajang panggilan uga wis ana, nijate lagi wae arep njuwun idin bapak lan ibune, arep budal menjang Djakarta

Ibune katon sadjak bigar atine, mengko bakal disuwunke pamit njang bapakne, kabeh lajang-lajang dituduhake menjang ibune, Martati dewe uga melu seneng gene kangmase bakal njekel penggawenan

Pak Sis kang wis oleh andaran bab Marjata wis ditampa enggone nglamar gawejan lan wis neliti lajang-lajang panggilane, sawetara rumangsa rada semeleh atine

Martati uga melu bungah, lan ora lali enggone demen ngetje lan kangmase.

Wah kebeneran sedje taun mengko mbak Triin rakja melu seneng.

Marjata ora mangsuli, kedjaba rasa seneng lan prihatin isih nabet, nanging Marjata dewe duwe rasa welas neng a d i n e w a d o n k a n g s e d e l a m a n e h b a k a l ora kumpul maneh kaja saben ndinane.

Seminggu wis kepungkur Marjata wis budal menjang Djakarta, pak Sis durung oleh samben liya-lijae saben ndina isih tansah mubang-mubeng golek rembug lan kantja tepungane.

Idajazah boekhouding lan lajang pengalaman kerdja mataun taun tansah digawa ngalor ngidul. Mbok menawa ana kang gelem nganggo tenagane nanging sadjak sepi durung eleh tjantelan rembug

Martati beda banget karo adate sabene, enggone sekolah lan njambi kursus sadjak keganggu karo kahanan wong tuwane kang mundak dina saja mundak prihatin.

Mung Katriin kag bisa aweh lelipar sawetara. Kadangkala Martati sok ditekani diajak dolan nenonton lan tetuku apa-apa

Dasar Katriin wis njekel penggawejan dadi guru sekolah Kepandaian Putri, mula sawetara uga bisa duwe djagan duwit blandja senadjan ora okeh pe-tungane

Rumah tanggane pas Siswamardawa mundak dina pantjen saja tambah prihatine.

Kabeh barang pengango persasat wis resik amblas, nganti samengko wis njandak barang-barang isi ngomah, mbaka setitik kintas wis ora bisa ditangu-langi.

Limang taun wis kepungkur, Marjata wis omah-omah bebodjoan, oleh weranda sugih, wong tuwane pak Sis bu Sis babap pisan ora bisa suwala apa-apa. kedjaba mung sumarah marang nijat tekade Marjata dewe.

Embuh apa djalarane nganti Marjata kepikut karo weranda iku mau, ora nggatekake menjang pepenget lan pendjaluke Martati

Martati dewe melu getun piduwung geneja kang mse ora sido duwe nijat lan Katriin. kang wis betjik banget srawunge lan Martati wiwit seprana tekan seprene.

Wiwit temapak njambut gawe, tumeka omah-omah Marjata babar pisan durung tau tilik menrtindio wong tuwane apa maneh aweh pembantu apa-apa kanggo bapak lan ibune lan adine wadon.

Nanging kang iku babar pisan ora dadi kawigaten, mungguhing pak Sis lan Bu Sis, senadjandikaja ngapa huripe pak Sis bu Sis anane mung mudji suka sjukur geneja anake lanang wis bisa mentas dewe lan nemu seneng huripe

Martati sakmengko wis oleh samben garapan bordir, djahit, njulam saka rekadajane Katriin, ngiras kena kanggo gantine kursus tur setitik-setitik bisa oleh puluwetu senadjan ora akeh.

Sesambunge Katriin lan Pak Sis bu Sis tetep raket betjik banget kaja ing sekawit, tumrape pak Sis bu Sis rara Katriin tetep dianggep mitra supekete Martati wiwit tjilik mula.

Nalika semana pak Sis ketaman lara kang rada abot temenan, medun saka peturon ora bisa, memangan lan ngombe persasat wis ora gelem, tetambalan golek dokter sakupama ora oleh pambijantune Katriin babar pisan mesti kerepotan banget.

Marjata kang wis mawali wali dilajangi, ditilgram karo Martati babar pisan ora ana kawigatane.

Nganti bu Sis lan Martati mung tansah teangisan. Marjata tetep ora ana tanggepa apa wae menjang bapakne.

Tudjune isih diparingi kelonggaran umur karo kang Murbeng dumadi, pak Sis saka setitik bisa pulih waluja awake.

Raketan regeng-regeng pak Sis mengko wis bisa lelunguhan lan gelem memangan apa kang ditjawiske dening bu Sis lan Martati

Djam lima soer wajahe isih padang Martati malju-mlaju sadjak bungan banget atine, meruhi sedulure lanang Marjata kang wis wetara wolung taunan suwene Lagi bisa teka mertindjo wong tuwane

Tekane Marjata mung dewekan ora karo bodjone, bu Sis enggone nangis ora bisa dampah.

Pak Sis mung meneng wae sadjak nggrantes lan nalangsa bangetatine.

Keprije ta Ta, kowe kuwi dikabari bapakmu kaja ngana kok ja mung enak enak wae, sadjak kurang pati nggatekake kahanane wong tuwamu" mengkono guneme bu Sis marang Marjata kanti sesenggukan penangise.

Marjata mung meneng wae ora bisa kemetjap apa-apa meruhi bapake persasat mung keru balung lan kulit awake

Marjata kembeng-kembeng rumangsa getun piduwung bab enggone kurang nggatekake neng kahanan wong tuwane kang saknjatane.

Nangung merga nggugu gagasan lan penganggepe bodjone nganti Marjata kasep temenan tekane. tudjune bapakne isih diparingi waluja.

Nganti sawetara dina Marjata enggone mertindjo wong tuwane, pak Sis dewe samengko wis katon pulih seger awake, ngadep anake sekloron wis dadi sidji kaja kang uwis-uwis, senadjana mung sawetara dina, nanging batin lan atine pak Sis wis bisa oleh lelipur, mari rasa kangen lan kapange.

Martati dewe katon banget enggone seneng gembira atine, bisa kumpul maneh lan sadulure lanang kang mung sidji til, senandjan bakal ditinggal lunga.

Rara Katriin dewe uga melu rumangsa seneng. dene pak Sis wis bisa saras temenan, lan Marjata katon subur makmur kahanane.

Dina pungkasan Marjata bakal bali menjang Djakarta maneh, Marjata duwe karep supaya Martati

diparengake bakal digawa menjang Djakarta, kareben wanuh lan srawung lan mbakjune ipe, ngiras bisa aweh lelipur swasana anjar kanggo adine wadon, adja tansah kagubel rasa prihatin sedina dinane.

Pak Sis lan bu Sis kang sadjak mangu-mangu godjak gadjeg enggone bakal nglulusake, nanging marga saka panggondjenge Martati dewe kang kentjeng arep melu kangmase mula anane ja mung sumarah, waton betjiklan slamet pamudjine.

Mung Katriin kang nalika dipamiti Martati, rada mbrebes meles tangise marga wis kadung tresna lan raket banget lan Martati, sakupama wenang lang bisaha mono Martati sedjane arep digendoli.

Pepuntone Martati wis klakon dibojong tenan karo Marjata digawa menjang Djakarta, dene pak Sis bu Sis mung bisa aweh piweling, supaja Marjata adja pegat lan pangati ati enggone ndjaga lan ngreksa sedulure wadon kang wis diwasa umur-umurane

2. MELU MBAKJU IPE

Bodjone Marjata mula wis kaping telu enggone dadi randa, umur-umurane durung akeh lan isih katon panggah enom tur jamula apik

Enggone njekel panggawejan mula pinter lan ubet banget, bukak praktek bidan, salon ketjantikan bukak losmen, lan uga njambi njekel dedagangan barang-barang gede ora setitik pengadjine.

Tetepungan lan pasrawungan djembar bablas kadangkala sok nganti kepeksa lungan menjang ndjaban rangkah enggone ngurusi sesambungan rembug dedagangan.

Djeneng asline Kardinah, kawentara ana ing Djakarta Rita Komalasari.

Sakupama rara Katriin uga besus lan nengenake menjang babagan ngedi sarira, mestine rara Katriin ora bisa ditembungake kalah ajuning rupa lan dasaring pawakan saja-saja bab umurane tjeta jen rara Katriin kepara luwih enom tinimbng Kardinah Rita Komalasari.

Enggone djejodoan Marjata lan Kardinah sak mengko wisa ana wolung taunan, keliwata ora akeh, nanging tetep ora duwe tuwuh

Kahanane tetap ora beda kaja sekawit, Marjata Ing samubarang bab tetep dipurba lan diwasesa dening bodjone, merga kasunjatan Kardinah kang njekel lan ngesuhi samubarang kebutuhan padinan, malah kapetung samubarang kebutuhan pedinane Marjata dewe uga ditjukupi dening Kardinah

Enggone njekel penggawejan Marjata wis tanpa teges, sebab kasujatan enggone budal Marjata menjang Djakarta iku sakte mene ja mung nglamar penggawejan kang wis tau dipatjak dening Kardinah ana ing iklan-iklan advertensi, dadi budale Marjata menjang Djakarta iku ateges ditampa enggone dadi punggawa utawa pegawene Kardinah.

Martati wis kelakon melu ana ing Djakarta Kardinah rumangsa seneng merga ana kang bisa nmbantu keribedane pedinan kanggo ngurusi ngomah.

Enggone nanggapi menjang Martati uga apik banget, persasat saben dina Martati tansah diadjak\plesiran, tetuku lan kadang-kadang uga mampir mangan ana ing rumah makan.

Samubarang kebutuhan lan kesenengane Martati ora tau kagol , saja-saja sakumpama Martati gelem ndjedjaluk lan djawab tembung.

Kamar papane Martati dipapakake ana ing ngarep sisih tengen djembar resik komplit ora ngutjiwani.

Sekawit Martati isih sok kirim lajang menjang wong tuwane utawa Katriin, njritakake bab kahanane ana ing Djakarta tansah nemu seneng lan oleh lelipur, nganti suwe-suwe Martati dewe nbandjur wis ora tau lajang-lajangan maneh lan wong tuwane apa maneh rara Katryn.

Dianggep karo wong tuwane sekloron menawa Martati pantjen krasan lan tentrempikire temenan melu sedulure lanang.

Embuh apa sebabe lan diarahne durung nganti gantalan taun enggone Martati melu Marjata,

Kahanan rumah tanggane Marjata kardinah saka setitik kok nbandjur ana owah-owahan.

Ora merga penghasilan lan oleh-olehane kang suda tumrap rumah tangga nanging malah kepara tambah, embuh apa sebabe meh saben ndina Marjata mesti diuring uring lan padudon karo Kardinag, malah-malah nganti Kardinah ngetokake tembung pangundamana menjangkrandah wong tuwane Marjata.

Anehe saben-saben Marjata duwe tekad arep bali menjang wong tuwane, Kardinah mesti ngalang alangi lan djaluk pangapura menjang deweke.

Ora liya kabeh iku mau jen ditlusuri kanti tliti mung marga wiwit Kardinah Komalasari nampa pelamarane wong nom-noman kang djeneng Bustaman kang dasar bregas bregus lan ngganteng patjakane, lan kang sakmengo wis ditetepake dadi wakil utawa panguwasane Kardinah ana ing lapangan usaha Dalasan perdagangan.

Kahanan kang mangkono iku babar pisan ora gawe ndjendjem lan tentreming ngati Martati.

Jen sekawit Martati dipapakake ana ing kamar ngarep tur ketengen nanging sakmengo saka setitik. Martati wius pindah papan pondoke tjaket tunggal dadi siji lan papane rewang-rewang Kardinah lanang Wadon.

Malah samengo Martati wis wiwit dipatrapi penggawejan ora beda lan rewang-rewang babu tjutji, babu dapur, sakpanunggalane, nganti wis mawali wali.

Martati nindakake penggawejan kang babar pisan ora laras lan sipat kewanitaane, jaiku kadangkala diprintah melu usung-usung barang-barang mbalndong lan metjel kaju obong

Saja mundak dina ora saja mundak enteng sanggan penggawejane Martati nganti wajah bengi Martati durung bisa ngaso enggone nindakake kuadjiban ja wiwit Martati diwadjibake umbah lan njetlika penganggone uwong-uwong kang pada nginep anainglosmen.

Embuh apa sebab lan penglimbange geneja Marjata kang meruhi sedulure wadon dipatrapi penggawejan kang kaja mengkono kok mung tansah ajem lan meneng wae, sadak babar pisan ora ngrewes menjang kahanane sedulure wadon.

Rewang-rewang lanang wadon Kardinah pada anduweni rasa welas lan pangeman marang Martati, kang babar pisan ora oleh blandja kedjaba duwit djadjanan kang ora sepira akehe jen ditimbang lang blandjane rewang-rewang. nanging penggawejane kepara luwih abot lan akeh.

Mung mbok Tasri rewange Kardinah kang wis lawas dewe, kang sadjak bisa anduga menjang watak watake Kardinah, tumekane apa kang sakmengko lagi ditandang dening Martati.

Mbok Tasri mula landep lantip penggraitane, lan tuwuh rasa welas asihe menjang Martati.

Kaja-kaja ora kleru apa kang dadi pangirane mbok Tasri, wiwit Bustaman nglamar lan ditampa karo Kardinah, ja wiwit ing wektu kuwi Kardinah ngowah owahi samubarang tindak tanduke, ja kang tumudju menjang Marjata luwih-luwih menjang Martati

Kardinah mula nduweni rasa greget lan kajujun menjang Bustaman, kang mula bregas bagus ngganteng temenan, nanging kepara luwih tuwa setitik tinimbang Marjata.

Nanging jen ngantija Marjata dilepasna bali menjang wong tuwane Kardinah uga anduweni rasa owel menjang ilange Marjata.

Sakupama Marjata isih tetep dipurba lan diwasesa, Ateges Martati uga isih tetep ana ing kono, Kardinah duwe rasa kuwatir lan kutjiwa, marga Martati kang luwih enom lan pantjen aju temenan rupane, bisa ngreridu menjang nijat kekarepane. marga Bustaman mesti anduweni rasa greget keliput menjang Martati babar pisan kurang enggone nggatekake menjang Kardinah

Mula nijat tekad lankarepe Martati digawe supaya ora krasan ana ing kono. Bisaha lunga bali mulih menjang wong tuwane ora kanti ditundung dening Kardinah amrih Marjata ora anduweni rasa serik menjang deweke.

Amrih Bustaman orang kleru penganggep menjang Martati, adja nganti Martati dianggep Krandah keluarga lan Kardinah, mula Martati nbandjur dipatrapi penggawejan kang ora beda lan para rewang, semono uga papan panggone ora dipisahake lan para rewang amrih Bustaman margertija jen Martati iku mung rewang dudu krandah brajate Kardinah.

Sewalike dasar watak lan prentuling ngati Martati kang sutji wiwit tjilik mula lan kang tumudju menjang sedulure lanang ja si Marjata

Adja mung diwenehi blandja setitik lan penggawejan abot senadjan ora tanpa blandja babar pisan lan kekurangan enggone mersudi pangan lan sandang pisan, senadjanta dipatrapi penggawejan kang abot tenan waton Martati isih bisa tjejaketan lan sedlure lanang, lan sedulure lanang bisa nemu seneng. Martati babar pisan ora susah lan nggresula jen kudu aweh pengorbanan kanggo rahardjaning hurip sedulure lanang.

Emane Marjata babar pisan ora nimbang lan nggatekake Menjanglabuhe adine wadon.

Mung mbok Tasri kang nduweni rasa welas lan pengeman temenan menjang Martati, saben bengi jen Martati wis ngso turu ana ing pondoke satjedake dapur, kamar mandi, mbok Tsri mesti merlokake niliki lan sawetara ngenjet enjet awake Martati, marga mbok tsri sakdjeroning turu lan nglindur, sesengukan njebut-njebut bapak lan ibune.

O.. mas rara Tatyk, kok memelas temen sampejan niku nganti ngrintih sak djeroning turu, merga banget kesel lan sajah awake. mengkono batine mbok Tasri kang kanthi alon-alon ngengakake lawang kamare tjilik Martati terus njaketi ana ing peturone.

Martati kang banget sajah lan ngantuke nganti ora krasa jen awake sok dienjet enjet karo mbok Tasri lan ditangisi karo mbok koki mau.

Nalika semana wantjie lagi djam sanga bengi kuranga setitik, Martati sakwise rampung enggone setlika durung nganti kober adus, reresik awak lan

Sarapan wajah sore, Martati wis kebajut nggletak turu kepenak ana ing peturonne marga saka banget kesel lan sajahe sedina nutug wiwit esuk umun-umun wis temandang gawe, nganti djam sanga bengi lagi waerampungkuadjibane.

Neng kanane Martati lagi impen-impenan kaja dek isih tjilik, digendong ibune dibebeda kangmase, di bopong lan diumbul-umbulake karo bapakne.

Martati kaja botjah tjilik mendjep-mendjep sadjak kaja nangis-nagissa. mlaju jen pinudju metukake bapakne mulih nggawa oleh-oleh kang dadi kesenengane, ngguju-ngguju jen pinudju digendong kangmase diadjak dolanan, ngadi adi jen pinudju dikekep dipupuri lan diwenehi panganan karo ibune, nganti wusana Martati lajap-lajap nglilir, kelingan marang bapak lan ibune, tumeka rara Katryn kadang mitrane kang banget raket supeket menjang deweke.

Mak brebel Martati ora tahan ngampah metune eluhe, kelingan bapak ibune kang sakmegko isih nanding prihatin lan saja mundak tuwa umure.

Martati ngadeg njat niliki duwit enggone keklumpuk saben diwenehi blandja djadjaran saka mbakjune ipe, kang mung setitik tjajahe, nanging suwe-suwe wis bisa dikumpulake rada lumajan petungane.

Oh ibu kula saged mundutaken sindjang kagem ibu, lan gantos pengangge kagem bapak.

Mengkoro pikirane Martati saben deweke ngetung-ngetung duwit blandjane kang wiwit seprana tumeka seprene.

Mbok Tasri kang indjen-indjen ana ing sela-selane lawang, melu ngguju-ngguju jen meruhi Martati katon bigar polatane, melu sluntrut jen meruhi Martati kembeng eluh mripate

„Mas rara ngga dahar rijin, nika tjadonge empun wiwit wau kula ratjik ten wingking”.

Inggih mbok, mangke sekedap malih kula dereng reresik awak.

Lagi wae Martati arep lunga menjang kamar mandi dumadakan keprungu ndjero ngomah gede, Kardinah padudon lan Marjata malah kanti tetangisan pisan.

Kanti terang wewentahan Martati lan mbok Tasri pada krungu enggone pada rame-rame padudon Kardinah lan Marjata.

Jen mung sepisan lan kaping pindo wae, aku babar pisan ora bakal opjak lan muntab atiku. nanging kedadejan kuwi wis makaping-kaping nganti meh resik barang penganggoku kanti sesengukan penangise Krdinah tudang tuding sadjak wis entek tenan sabare, dene Marjata mung ngadeg ndjenger ora nrimakake menjang pendakwa lan pangundamanane Kardinah

Kanti tatag teteg Marjata njambungi gunem; Apa wis mesti jen ana ilang-ilangan mesti Martati kang gelem tumindak tjolong djupuk ?

Kardinah : .., Nbandjur sapa meneh kang kudu ditakoni jen dudu Martati, sebab papan kamarku kuwi, sing ndak pertjajake mlebu metu lan njekel kuntijne ja mung Martati, ora ana wong lijane kang kenamlebulan reresik kamarku.

Kanti ora sranta Marjata nbandjur ngatah pak Sarlan supaja ngundang Martati

Saran tukang kebon terus marani Martati kang lagi wae arep adus ana ing mburi.

Kanti klambi kutung lan rambut kang pating srabut Martati madep ana ing ngomah gede.

Marjata ora sranta, sakwise meruhi Martati madep ana ing ngarepe nbandjur digedag pitakonna.

- : Tati, kowe adja goroh adja kumbi adja selak' wangsulana pitakonku iki kanti djujur".

- : Hija mas, arep mundut priksa apa ?" Martati rada sawetara ndredeg meruhi sedulure lanang sajak beda banget polatane lan adatsabene.

- : Kowe weruh lan ngerti apa ora barang-barang panganggone mbakjumu?

- : Ngerti mas ana ing lemarine mbakju weruh yen pinudju diagem lan diwetokake karo mbakju.

- : Kowe rumangsa ngowah owah lan djupuk baang-barange mbakjumu apa ora ajo omongo terus terang

- : O... babar pisan ora mas"

- : .. Sapa sing sok mlebu metu kamare mbakjumu lan reresik kamare mbakjumu lan sapa sing dipertjaja njekel kuntji kamare mbakjumu heh ?"

- : Kuwi kuadjibanku mas saben dinane lan mula aku kang dipasrahi kuntji kamar karo mbakju. nanging kuntji lemari tetep diast karo mbakju dewe mas".

- : Tati, aku ora butuh mbok ubeng ingen wangsulanmu, kowe ndjupuk barang-barange mbakjumu, apa ora heh ?
- : Mas Ta, keprije enggonku matur karo kangmas, aku babar pisan ora duwe nijay lan tindak kang mengkono mas. aluwung aku dibandjut tinimbang nindakake prajan kang ora betjik mas.

Marjata sadjak bingung lan muntap banget atine. dumadakan keprungu guneme Kardinah sadjak sareh ngariharih..

- : Wis ta saiki ora perlu dianggo udreg"an, jen mung djawab-mendjawab ora bakal ana enteke, saiki ndak ndajluk rilane mas Ta lan eklase Martati, Dalasan kabeh rewang-rewangku sakukuban kee kabeh, kudu gelem ngrilakakek papan panggone pada ndak gledah bebarangane lan mas mas Ta". Marjata sadjak djumurung, Martati kanti rila eklas supaja papan peturone digledah dititipriksa kanti tliti.

Pak Sarlan, mbok Tasri, bibi lan Miun uga ora kabotten bengi iku dititi priksa pondok papane dewe-dewe.

Kabeh pada bebarengan nindakake keputusan, kabeh papane rewang-rewang wis kanti teliti dititipriksa mung kari kang pungkasan papan peturone Martati.

Kanti tatag lan teteg Martati masrahake kabeh kangana ing awake supaja dititipriksa.

Wiwit saka kasur peturon, bantal, guling, tumeka besek, nganti wusana tas koper sakpiture.

Nanging bareng tangane Marjata mbukak tumpukan sandangane Martati kang ana ing djepitan kopere, Marjata rada ndjerbabak kaget. djalaran meruhi duwit kang akeh petungane lan suweng sepasang, gelang serakit, ana ing satjedake kono.

Martati dewe katon putjat lan gemrobjos kringete, dene Marjata katon abang mangar-mangar raine sadjak geter lambene

Marjata nandjur ngawasake marang Martati kang gemeter tumungkul, sadjak bingung lan djudeg peteng pikire

- : Wis saiki kowe arep tjrita apa meneh karo aku heh, Tati ?” kanti pentjerengan Marjata ngawasake Martati, kang katon saja bingung lan nggrantesatine.

- : O.. Mas, aku babar pisan ora rumangsa ndjupuk lan njimpen barang kuwi ana ing koperku, tinimbang aku mbok dakwa tumindak tjulika suka rila aku dibandjut njawaku adja nganti gawe wirang marang sedulur

- : Tati kowe adja ngatonake sutjine atimu bukti ora bisa mbokselaki

Martati nangis ngalumpruk sesambat aluwung dibandjut njawane tinimbang digawe lara wirang kaja mengkono, kanti teteg tatag Martati ora ngakoni marang apa kang tinemu ana ing kopere.

Nanging Marjata wis ora bisa lilih muringe, saja kuwat enggone ndakwa lan nguman-uman marang adine wadon.

- : Tati, saking banget enggonmu kepingin arep weweh karo wong tuwa nganti mbok rewangi

- Tumindak kang nerdjang angger lan wewaler". saknalika Martati ndjerit ora kuwat krungu tembung guneme Marjata kang banget nundjem marang atine.

- : O mas Ta, kowe dosa lan duraka banget menjang wong tuwa mas, kowe kena ndakwa kang ora-ora menjang aku, nanging adja pisan-pisan kowe duwe pendakwa kang ora njata, ora bener menjang bapak lan ibu, o mas, kowe tegel ngutjapake tembung kang kaja ngono menjang wong tuwo, o, bapak, ibu...

Martati niba tangi polahe sesambat ngaruhara penangise, Marjata saja tambah muntabe

- : Tati, dina iki, bengi iki uga, kowe kudu wis lunga saka papan kene".

Martati saja banget enggone nibakake tangis, dumadakan keprungu tembunge Kardinah komalasari kanti ngarih-araih

- : .. Wis, wis, kang uwis ja uwis, aku ora bakal ngganggu gugat menjang kowe Tati, jen barang kuwi pantjen mbok butuhake, lahir batin ndak rilakake lan ndak eklasake menjang kowe, bengi iki, kowe oa kena lunga saka papan kene, sesuk dina padang jen kowe ketjeng arepbali kareben ana kang ngeterake."

Martati meksa arep netepi apa pakonne sedulure lanang koper sakisine babar pisan ora digrajang kadjaba mung keba lan besek tjilik kang ditjandak, kanti atawang tangis Martati terus pamit lan Marjata, nanging babar pisan ora disaruwe Mbok Tasri tjepet enggone nggendoli lan ngarih arih Martati supaja

Ora bengi iku lunga saka papa kono, nanging Martati wis kentjeng tekade, mula bandjur digemblung dening mbok Tasri supaja Martati gelem diadika semingkir disik utawa lerenana ing ngomah pondoke mbok Tasri.

Sakwise pamitan lan Kardinah. Martati tumuli digandeng dening mbok Tasri digawa lunga semingkir ana ing kampung pondoke.

Koper sakisine isih tetep ditinggal karo Martati dene Marjata terus mlebu ana ing ngomah gede, lenger-lenger mbesengut ana ing kursi goyang.

Kardinah ngatag pak Sarlan supaja ndjaga lan ngreksa barang-barange Martati, dilebokake ana ing kamare ngarep mbijen

3. SAPUDENDO

Durung nganti suwe lungane Martati saka papane Kardinah, lan durung nganti leren atine Marjata saka enggone muring lan Martati, kira-kira antarane djam sewelas tengah wengi, Marjata ngelamun lenger-lenger ana ing pringgitan ndjaba omah ngarep tanpa kinira kira lan tanpa dirasa rasa Marjata sadjak kaget banget. dene pak Sis katon glendeh-glendeh diirit pak Sarlan, tudang tuding diadepake lan Marjata

Marjata kaget semu bingung, dene pak Sis bapa wong tuwane kato bigar gembira mesem-mesem bisa mrangguli omah papane anake.

- : ,, Marjata bapak rada bingung enggone nggoleki lan takon-takon mula nganti wengi lagi bisa ketemu papanmu, mengkono guneme pak Sis kang katon kapang banget lan anake.

Marjata mung ndjenger ora tumuli suka wangsulan mripate pendirangan sadjak bingung ewuh aja enggone nanggapi bapakne.

Tekane pak Sis kanti njangking tas tjilik ing tangan tengen dene tangan kiwa nggawa kreneng isi oleh-oleh enggone jasa bu Sis saka ngomah

Budale saka Semarang wiwit esuk umun-umun, tekane Djakarta antarane djam wolu bengi, enggone mubeng-mubeng takon-takon nganti sawetara suwe, mula nganti tengah wengi lagi bisa ketemu papan dununge Marjata kang babar pisan durung nate dingerteni

Penganggone pak Sis ora rusak, nanging uga ora bregas marga wis lawas wudjude, pak Sis dewe katon saja tuwa marga djenggot lan alise wis subal putih, kuru lan sawetara nglinting praenane

- : „ Bapak kagungan kersa menapa kok dumugi ngriki ?”
mengkonono pitakone Marjata marang bapakne, kang saknalika banget gawe kaget lan ngungunge pak Sis, dene ora kanjana njana anake lunang kang diimpi-impi djebul kaja ngono enggone ambuhi wong tuwane

Nganti sawetara suwe pak Sis ora kumetjap Mung njawang marang Marjata, wusana kewetu tembunge :

- : Marjata, apa kowe lagi nemu reribet ta le, kok nganti gawe kaget pikire bapak”.

- : ..Nboten, bapak menawi nboten kula aturi mriki, mestinipun nboten perlu repot-repot tindak mriki.

- : „ Marjata, tekan bapak iki mbok anggep kliru ta, jen kliru ja dingapura wae ya le botjah bagus, bapak mung mbutuhake arep ketemu lan ndjupuk adimu, djalaran adimu ana kang nglamar lan ngarepake, mula kudu ndak djaluk rilamu supaja mbok idinake ndak gawa mulih .

Marjata suwe ora mangsuli. isih lenger-lenger ana ing kursi gojang, bapakne ora diadjak lungguh lan ora diadjak mlebu ngomah, polatane saja ndreggureng sadjak tuwuh muntabe

- : Kula nbopten ngrembag bab bebodjoan, niku urusan bapak pijambak, sanes urusan kula, pokok Martati sakniki empun lepas saka tangan kula". Pak Sis sakpandurat ora bisa kemetjap, mripate geter, polatane mangar-mangar, tembunge grojok sadjak ira bisa ngampah mubale kenepsone.

- : ,, Marjata, kowe adja mung nggugu sak enake wudelmumu dewe, guneman menjang wong tuwa waton bisa kemetjap, bapak babar pisan ora duwe nijat arep ndjedjaluk neng kowe, lan selawase kowe ana ing papan kang kaja ngene bapak atawa ibumu babar pisan durung tau nampa lan ngarep arep pawewehmu, bapak mung mbutuhake Martati adimu, ora mbutuhake omah gedong kursi gading, senadjan bapak rusak panganggone, nanging bapak ora bedjat djiwane batin lan morale" ajo Martati ana ngendi".

Marjata ora mangsuli terus ngadeg njat, ninggal mlebu ngomah gede, dene pak Sis katon bingung banget polatane lingak linguk kembeng eluh mripate, kepingin enggal ngerti anan ing ngendi Martati anake wadon.

Kardinah babar pisan ora gelem nemoni maratuwane etok-etok wis turu kepati ana ing kamare, senadjan pak Sarlan wis aweh pelapuran menjang deweke.

Nganti suwe pak Sis isih ngadeg ndjenger ana ing ndjaba, wusana kanti alon enggone lunga saka.

papan kono, sadjak djudeg lan bingung nggrantes banget atine.

Baja sapa kang bisa ditakoni lan bisa aweh pituduhmenjang deweke ana ing ngendi ta Martati anake wadon mau.

Lagi wae pak Sis alon-alon metu saka pelataran pekarangan kono, dumadakan pak Sis wis ditututi pak Sarlan, digandeng lan dituduhake papan pondoke mbok Tasri babu kokine Kardinah.

Djam rolas bengi antarane pak Sis lagi bisa ketemu papan pondoke mbok koki.

Martati kanti klambi kutung lan tambute modal madul, djarite sepala kang masem, wis turu ungkep-ungkep ana ing lintjak amben-ambenan, mula bareng digugah mbok koki lan dikandani menawa bapakne tekan nggoleki Martati gragapan kedandapan sadjak ora Pertjaja menjang guneme mbok Tasri.

Kaja ngapa djerit tangise Maratti nalika meruhi bapakne wis ana ing sandinge dene pak Sis dewe mung Katja-katja kembang-kembang ngantio tjerotjosan meruh kahanan anake wadon.

Enggone njikep Martati lan bapakne kentjeng banget saben-saben sadjak kaja arep semrepet pendelengane, nanging pak Sis teteg tatag enggone njentosani atine anake wadon.

Nganti suwe Martati mung tansah tetangisan durung bisa suka gunem apa wae menjang bapakne.

Mripate Martati nganti bintit merga suwe enggone tansah tetangisan, bareng wis leren enggone pada tetangisan pak Sis lagi bisa oleh andaran saka mbok Tasri, wiwit sekawit Martati ana ing kono.

nganti tumeka kahanan padinane, lan pepuntone Martati didakwa tumindak kan tjulika menjang barang-barang darbene mbakju ipe, nganti katundung saka papan kono.

Kaja ngapa rasaning ngati pak Sis sakwise damang menjang kabeh lelakon kang ditandang dening anake wadon.

- : „ Wis ta nduk, mula sesuk wae melu kapa bali mulih menjang semarang, ibumu uga wis kangen banget karo kowe, setitik-

setitik bapakisih duwe sangu kanggo bali lan kowe

Kaja ngapa kaget lan nggrantesing ngati bu Siswamardawa, nalika krungu andaran lan meruhi tekane Martati mung menganggo klambi kutung lan djarit dinan kang wis masem.

- : „ O Marjata marjata mengkono tindak patrapmu enggawa adimu adoh-adoh menjang paran mung arep m, bok siksa lanmbok gawe wirang prihatin” semono uga Martati persasat bali dadi botjah tjilik maneh nalika wis bisa ketemu lan ibune.

Ora lali rara Katriin uga wis bisa melu ngerteni kabeh lelakon kang ditandang Martati sakdjerone melu sedulure lananging Djakarta.

Sedino rong dina sesai rong sasi setaun wis kepungkur. Martati wis kelakon didaupake temenan oleh Surjowindada tilas kantja tunggal sakpamulangan nalikane isih pada ana ing SMP. lan sak mengko wis dadi perwira menengah ana ing angkatan Udara RI.

Bapak lan ibune kang sediane uga arep dibojong

ana ing suarabaja, ora gelem, mung ibune kang sedela ngeterake bojonge Martati menjang Surabaja nanging sakmengko wis bali mulih maneh ana ing Semarang.

Marjata kang samengko wis ana telung sasi lawase tansah ditinggal lunga Kardinag menjang sedje rangkah sakperlu ngurusi rembug-rembug lan usaha lan dedagangane , suwe-suwe bisa ngerteni apa ta kang saktemene ditindakake Kardinah lan Bustaman iku mau.

Luwih-luwih bareng Pak Sarlan, mbok Tasri pada aweh andaran lan bukti-bukti bab sesambungane Kardinah lan Bustam,an, kang wiwit sekawit wis bisa dingerteni Marjata, semono uga bab andaran-andaran pak Sarlan , anane barang-barang Kardinah kang ilang iku saktemene dudu Martati ingkang nindakake tjolong djupuk, malajh nalika ditindakake penggeldahan iku saktemene pak Sarlan kang diprintah Kardinah supaja nglebokake barang-barang mau ana ing kopere Martati dewe nalika Martati lagi diutus blandja ana ing toko.

Barang-barang mau mula didelikake ing papankang rapet, amrih Martati ora gampang enggone bisa ngonangi.

Kaja ngapa getun piduwung lan nalangsaning ngati Marjata sakwise bisa oleh andaran kang kanti tjeta saka kabeh rewang-rewange

Mripate kembang-kembang kelingan menjang bapa lan adine wadon kang nalika semana pada ketaman lara prihatin merga saka patrap pengutjap lan tindak tanduk Marjata kang duraka iku mau.

Pepuntone Marjata nbandjur nulis lajang, sakwise rampung nbandjur diprasahake menjang mbok

Tasri, supaja samengkono diwenehna menjang Kardinah jen Kardinah wis bali ana ing ngomah

Marjata dewe tumuli tata-tata ngringkesi barang-barang penganggone, pamit menjang rewang-rewange sumedia bali mulih menjang papan asale.

Kaja ngapa kaget lan ngungune Marjata nalika wis tekan Semarang, dene mrangguli omahe katon sepi njenjet , sadjak kaja lagi pada ditinggal lunga lingak linguk mlebu metu ngomah ora mrangguli sapa-sapa nanging bareng mlebu kamare mbah putri Marjata lagi bisa merhi ibune, ndingkluk tumungkul ndondomu penganggone.

- : O.. Ibu.. “Marjata terus ambruk tumungkul ngrungkebi pangkone ibune kang sadjak kaget marga ora anduga lan ora angira manawa Marjata bakal treka ana ing ngarepe.

Marjata nangis sesenggukan mingsek-mingsek, pasrah tobat lan ndjaluk pangapura marang ibune.

Bu Sis kang saktemene ora bisa ngampah daruraing batin , senadjan dikaja ngapa serik lan nggrantes pikir, nanging nalika dirungkebi Marjata uga nbanjur melu tjerotjosan eluhe.

- : Ibu kula putra ingkang ageng dosa, duraka tuwin chianat dumateng tijang sepuh utawi adi momongan kula, ibu kula njuwun pangapunten ingkang ageng”.

Ibune mung lenger-lenger meneng ora kumetjap tembung apa wae , nganti mewah wali Marjata ndjaluk pangapura lan nglahirake enggone tobat lan njadong bebendu. meksa bu Siswamardawa durung gelem kumetjap gunem apa wae

Wusana kanti alon bu Siswamardawa nambuhi tembung :

- : Marjata apa kowe wis djeleh enggonmu ngrungkepi kamukten , nganti bali ngrungkepi ibu. apa kowe ora isin duwe wong tuwa kaja aku. duwe sedulur wadon tukang tjolong djupuk , ngger ?

Marjata enggone nangis kaja diesokake, saja raket kentjeng enggone ngekep sikile ibune.

- : „ Ibu, sampun ngendika menika malih dumateng kula. kula sampun ngrumaosi dateng sedaja kelepatan kula, ibu kula kepengin sanget pinanggih bapak lan Tati.

Ibu Siswamardawa bareng krungu nijat karepe Marjata arep nemoni adine lan bapakne saknalika nbandjur tjerotjosan eluhe, sadjak angel enggone arep ngetokake gunem;

- : „ Marjata adimu wis ana setaun iki digawa bodjone menjang Surabaja embahmu putri wis ana rong taun iki wis seda, dene bapakmu ?

tumeka semono enggone guneman ibu Siswamardawa nbandjur kandeg ora bisa mbatjutake tembung mung penangise saja katon mingsek-mingsek.

Marjata sadjak ora pati nduga karo pasemone ibune kang kaja mengkono mula ngangsek enggone pitakon

- : Ibu bapak wonten pundi , menapa tumut dipun bojong kalijan Tati ?

- : Ora Ngger,, bapakmu wis ana telung sasi iki, bali ana ing djaman kelanggengan”.

Saknalika Marjata nbandjur pepet atine, ilang bebajune, ngalumpruk tanpa daja ndepani bantala, lali marang samubarange.

Bu Sis katon bingung banget, sambat-sambat ngojok hojog Marjata supaya eling lan dikuwatake pikire. Marga saka pendjelehe bu Sis kang sadjak ngeget nganti tangga teparo pada nekani, luwih-luwih rara Katriin kang lagi enak-enak ndjahit ana ing omahe, krungu pekabaran tetangga tjedak bab baline Marjata kang dadi bajangan.

- : O, bapak, bapak, kados pundi kula kok babar pindah nboten dipun paringi uninga ing nalika bapak nendang gerah..."

Nganti sawetara dina lawase Marjata enggone ngeeker ana ing ngomah lan kanti ibu Siswamardawa lan rara Katriin Marjata merlokake sowan ana ing makame bapakne.

Ora bisa digambarake kaja ngapa piolahe Marjata nalika sakmengko meruhi bapakne wis ora bakal bisa diprangguli meneh, kedjaba mung puntukan lemah anjar, mudjur ngalor kanti maesan kaju loro tjatjahe dumunung ana ing nduwur lan ngisore.

- : Bapak tijang sepuh kula ingkang luhur tuwin agung budi, putra njuwun pangaksama, njuwun pangajoman, nebusi sadaja lelampahan ingkang sampun kula tindakaken, o bapak..."

Marjata nbandjur nangis mingsek-mingsek ana ing kubure bapakne, sedje dina Marjati lan Surja pada teka tilik mertindjo ibune, dene bab sedane bapakne temanten sekloron wis pada mungkuli lan melu ngrukti djisime wong tuwa tumeka disarekake

Nalika Marjata meruhi tekane Martati, sadjak wis ora bisa diampah maneh penalangsane batin, adine terus dirangkul ditangisi lan didjaluki pangapura, marang kabeh tindak tandang patrape kang uwis-uwis lan tumudju menjang awake.

Dasar Martati dewe kang wiwit tjilik mula, pantjen tresna lan keket marang sedulure, mula gampang banget enggone Martati buang kabeh lelakok kang wis ditandang nalika ana ing Djakarta.

-: Mas, sing uwis ja uwis, adja digunem lan adja dirembug maneh, sok uger Mas ta wis ngrumangsani lan sedar menjang kabeh keluputeb kaja ora perlu kanggo rerembungan maneh, sing pokok mas Ta saiki kudu bisa ngreksa lan ndjaga ibu kan wis juswa, sjukur jenmas Ta nbandjur bisa mbudidaja ndandani sanguning hurip, adja lali pendjalukuu wiwit semana tumeka samengko, muga-muga mbak Kriin bisaha tetep dadi sedulurku wadon ing selawas lawase.”

Pepuntoning andaran Kardinah wis klakon dikirimi surat Talaq saka Marjata, dene Marjata sedje wektu bisa oleh paugeran penggwejan ana ing Semarang, lang samengko wis klakon bisa reruntun lan rerukunan temenan lan rara Katriin.

T A M A T

Jogjakarta 14 September 1966

DURAKA

ANYA SMARA



UDARA CRIMIS



SENORITA HERTIJANTI



SINANGGA WIRANG



BUKU KANTONG
A
BERSA BUNDLING

ditirny: RANI WITA